



Pou Piblikasyon Imedya: 03/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE POU MONTE DRAPO YO A DEMI MA POU ONORE
ENVESTIGATÈ RETRETE PRENSIPAL NICHOLAS A. GEORGEADIS KI TONBE**

Drapo yo ap flote a demi ma nan 4 ak 5 me

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a drapo sou bilding eta a yo pral flote a demi ma nan 4 ak 5 me nan onè Envestigatè retrete Prensipal Nicholas A. Georgeadis ki tonbe.

"Eta New York pèdi yon vrè ewo ki se Envestigatè Prensipal Nicholas A. Georgeadis", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Yo p ap janm bliye Envestigatè Prensipal Georgeadis pou angajman li ak sèvis li bay moun New York, epi nou p ap janm bliye moun ke lavi yo te chanje epi ki kontinye ap afekte pa 11 septanm."

Nan dat 28 avril 2023, Envestigatè Prensipal Georgeadis te mouri nan yon maladi ke li te atrape nan travay li nan ak alantou sit World Trade Center a apre atak teworis 11 septanm 2001 an. Li te retrete nan Lapolis Eta New York apre 21 ane nan sèvis devwe nan dat 28 novanm 2018. Envestigatè Prensipal Georgeadis soti nan Wynantskill, NY, epi li te viv bò kote madanm li ak twa timoun.

###

Lèt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)